

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Min Resmana lahir di Banjaran taun 1941, anjeunna salaku pangarang anu produktif dina sastra Sunda. Min Resmana loba nulis karya sastra pikeun barudak, karya-karyana dimuat dina majalah *Manglé*, *Sipatahoenan*, jeung *Wangsit*. Aya ogé sababaraha karya nu geus dibukukeun, nyaéta, *Neangan Bapa* (1965), *Imah nu Réa Kamarna* (1966), jeung *Si Kabayan Tapa* (1971). Salian ti ngarang dina basa Sunda, Min Resmana ogé ngarang dina basa Indonesia. Upama dijumlahkeun, hasil karya Min Resmana téh leuwih ti 20 buku.

Tina lobana karya sastra Min Resmana, novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* leuwih punjul batan novelét séjén, saupama ditilik tina pasualan alamna. Sanajan eusi caritana mah kaasup kana novelét rumaja, tapi teu sagemblengna ngeunaan hiburan. Ieu novelét nyaritakeun kumaha kaayaan alam nu ruksak dibalukarkeun ku paripolah manusa, ayana caah di walungan Citarik téh ku sabab érosi atawa tanahna gundul. Ieu hal luyu jeung kajadian dina mangsa harita taun 1970-an, leuweung digundulan, sarta walungan jadi tempat pamiceunan runtah. Pasualan lingkungan anu natrat téh mangrupa gambaran tina kaayaan lingkungan kiwari anu kadéséh ku kamajuan jaman.

Dideudeulan ku warta nu medal di Universitas Muhammadiyah Yogyakarta (UMY) 8 Mei 2010, ngébréhkeun dina taun 2000-2007 leuweung di Indonesia digundulan nepi kana 24 juta héktar. Ieu hal dirojong ku pernyataan 2500 profésor dina *Intergovernmental of climate change* nu ngajén yén karuksakan lingkungan di alam dunya, dibalukarkeun ku paripolah manusa. Pikeun ngarobah éta hal kudu aya usaha jeung parobahan tina diri manusa sorangan sangkan bisa ngahargaan alam jeung lingkunganana.

Salasahiji usaha teu langsung pikeun ngahargaan alam jeung lingkungan minangka pangéling-ngéling nyaéta ngaliwatan sastra, lantaran sastra mibanda kakuatan pikeun ngungkabkeun sagala hal nu aya patalina jeung kahirupan manusa. Sastra Sunda kaasup kana sabagian leutik kabeungharan sastra nu aya di dunya. Dumasar klasifikasina, sastra Sunda diwengku ku tilu aspék, nyaéta wangun, warna, jeung wanda.

Nilik kana wangunna, karya sastra Sunda aya tilu rupa, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Novel-novelét kaasup kana wangun prosa rékaan nu ngawujud lalakon sarta galur caritana ngarancabang, dina wangenanna novel jeung novelét sarua, nu ngabédakeunana nyaéta ukuran novelét mah leuwih pondok batan novel. Isnéndés (2010, kc. 39) ngébréhkeun yén ukuran novel pang pondokna 40.000 kecap atawa 150 kaca, sarta novel-novel aripis dina sastra Sunda nu mibanda ukuran 60-100 kaca, merenahna disebut novelét. Salasahiji conto novelét nu aya patalina jeung lingkungan alam sabudeureun nyaéta novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana, nu ayeuna diulik ku struktural jeung ékologi sastra.

Sastra nu maluruh lingkungan hirup ngandung ajén moral patali jeung ngajaga lingkungan sabudeureun, lantaran bisa jadi binasa lamun urang teu ngajaga. Lawrence dina Endraswara (2016, kc. 16) ngébréhkeun yén patalina sastra jeung lingkungan sajatina mah raket pisan, salasahijina aya pakuat-pakaitna alam anu sok dijadikeun objék ku pangarang dina karya sastra. Pamilihan diksi nu ngagambarkeun kahirupan alam, kekecapan saperti hujan, tatangkalan, walungan, cai jeung sajabana ngabuktikeun yén alam téh dipaké ku pangarang minangka latar atawa eusi dina hiji karya sastra.

Patalina manusa, sastra, jeung lingkungan hésé dipisahkeun lantaran lingkungan téh aya dina wengkuan tur bisa dipaluruh ku ékologi sastra. Nurutkeun Endraswara (2016, kc. 17) ékologi sastra maluruh hubungan sastra, manusa, jeung lingkunganana. Dina patalina lingkungan jeung kajian sastra, Endraswara (2016, kc. 5) ngébréhkeun yén ékologi sastra leuwih beurat kana aspék alam minangka inspirasi karya sastra hususna maluruh karuksakan lingkungan alam nu dibalukarkeun ku manusa, sedengkeun Widianti (2017, kc. 5) dina panalungtikanna nyebutkeun yén ékologi sastra teu jauh béda jeung ékologi budaya nyaéta ditangtukeun ku pola hirup jeung bédana karakteristik wilayah.

Nyoko kana pedaran di luhur, panalungtikan nu patali jeung ékologi sastra tangtu moal bisa leupas tina karya sastra anu meungkeut alam jeung lingkungan minangka téma atawa eusi caritana. Salasahiji cara ngalarapkeun fungsi sastra keur alam nyaéta ngaliwatan prosés atikan. Ngaliwatan atikan, anu diajar minangka anggota masyarakat dihudang deui rasa kasadaran katut kapekaanana kana pasualan lingkungan hirup (Isnendes, R., Narudin, 2018, kc. 4). Patali jeung éta hal, novelét

bisa jadi bahan pikeun ngalarapkeun fungsi sastra dina pangajaran atawa proses diajar, hususna dina kaayaan formal di sakola. Pangajaran novelét saupama ditilik tina kurikulum 2013 revisi 2017 jenjang SMA/ sederajat aya dina Kompetensi Dasar (KD) 3.6 *Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novel*. Ku kituna, novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novel di kelas XI SMA.

Pakait jeung panalungtikan anu geus dilaksanakeun, can aya nu kungsi nalungtik novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana. Anapon panalungtikan séjén ngeunaan ékologi sastra, aya skripsi Ilham Akbar Ghifari kalayan judul “Novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Di Kelas IX SMP (Ulikan Struktural jeung Ekokritik)” taun 2020. Skripsi M. Andri Yuriansyah kalayan judul “Novel *Numbuk di Sué* Karya Moh. Ambri pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Novel Di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Ékologi Sastra)” taun 2019. Skripsi Herman Setiawan nu judulna “Kumpulan Carpon *Sapeuting Di Cipawening* Karya Usep Romli H.M pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Carpon di Kelas X SMA (Ulikan Struktural jeung Ékokritik)” taun 2017. Skripsi Cahyadi Defran kalayan judul “*Cinta dan Alam Semesta dalam Pantun-Pantun Gubahan Musra Dahrizal Analisis Ekologi Sastra*” taun 2021, sarta skripsi Devi Ariani kalayan judul “*Kajian Lingkungan Budaya Banyumas dalam Novel Jatisaba Karya Ramayda Akmal (Tinjauan Ekologi Sastra)*” taun 2018.

Salian ti skripsi, aya ogé panalungtikan Ande Wina Widiанти kalayan judul “*Kajian Ekologi Sastra dalam Kumpulan Cerpen Pilihan Kompas 2014 di Tubuh Tarra dalam Rahim Pohon*” dina jurnal *Diksatrasia* taun 2017, panalungtikan Nurul Asyifa jeung Vera Soraya kalayan judul “*Kajian Ekologi Sastra (Ekokritik) dalam Antologi Puisi Merupa Tanah di Ujung Timur Jawa*” dina jurnal *Unej* taun 2018, panalungtikan Emil Amala jeung Sri Widayati kalayan judul “*Analisis Ekologi Karya Sastra pada Novel Rindu Terpisah di Raja Ampat karya Kirana Kejora Sebagai Alternatif Bahan Ajar di Sekolah Menengah Atas*” dina jurnal *Griya Cendekia* taun 2021, tuluy panalungtikan Ragil Susilo kalayan judul “*Kajian Ekologi Sastra Cinta Semanis Racun 99 Cerita dari Penjuru Dunia Terjemahan Anton Kurnia*” dina *JP-BSI* taun 2020, sarta panalungtikan Mardiana Sari kalayan

judul "Ekologi Sastra pada Puisi dalam Novel *Bapangku Bapungku Karya Pago Hardian*" dina jurnal *Parataksis* taun 2018.

Bédana ieu panalungtikan nyaéta dina objék panalungtikanna, sumber jeung référénsina. Salian ti éta, ieu panalungtikan dilarapkeun kana bahan pangajaran sakola SMA lantaran salasahiji cara pikeun ngalarapkeun fungsi sastra nyaéta ngaliwatan prosés atikan.

Nilik kana éta hal, perlu ayana panalungtikan nu fokusna kana lingkungan alam hususna dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana pikeun ngajembaran ulikan karya sastra Sunda utamana dina widang ékologi sastra. Disagédéngeun éta, panalungtik miboga tujuan ku ayana ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun rasa mikacinta manusa kana alam sabudeureun ngaliwatan prosés atikan. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan "Analisis Lingkungan Alam dina Novelét Rumaja *Hujan di Girang Caah di Urang* Karya Min Resmana pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural Jeung Ékologi Sastra)".

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur (Téma, fakta carita, jeung sarana carita) novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana?
- 2) Unsur alam naon baé nu nyampak dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan ajar maca novel di kelas XI SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis struktur jeung unsur alam dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana, sarta larapna kana bahan pangajaran.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur (téma, fakta carita, jeung sarana carita) dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana;
- 2) unsur alam nu nyampak dina novelét *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana; sarta
- 3) larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca novel di kelas XI SMA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan téh pikeun jadi hiji référénsi, bahan atawa sumber keur panalungtik ka hareupna dina mekarkeun élmu pangaweruh, boh dina widang ékologi sastra atawa bahan pangajaran.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipedar saperti dihandap.

- 1) Pikeun panalungtik, ayana pangaweruh anyar dina widang ékologi sastra hususna nganalisis carita dina éta novelét.
- 2) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun kasadaran dina hal ngajaga alam.
- 3) Pikeun guru, bisa jadi sumber acuan dina pangajaran sastra hususna matéri novelét jeung atikan karakter ngeunaan mikacinta alam.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab sakumaha anu dipedar di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta nu pamungkas aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah anu dijieun objék panalungtikan, ngajelaskeun tiori-tiori nu luyu pikeun panalungtikan sacara déskriptif, saperti novelét, strukturalisme, ékologi sastra, jeung pangajaran.

Bab III Metodologi Panalungtikan, eusina ngeunaan métode panalungtikan, ti mimiti tiori anu dipaké, nyadiakeun informasi ngeunaan objék nu ditalungtik, design panalungtikan, data jeung sumber data, sarta tahap ngumpulkeun jeung nganalisis data.

Bab IV Hasil Jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan boh hasil ngolah data, atawa hasil analisis data nu pakait jeung rumusan masalah, tujuan, sarta tiori-tiori nu aya dina Bab II ku cara ngadéskripsikeun sacara proposional.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung saran tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.